

**Memorandòm Akò
ant
Komite Skolè Vil Boston
ak
Sendika Administratif la "The Administrative Guild", SEIU Local 888**

Memorandòm sa a (« Akò a ») te fèt jou ___ desanm, 2022 ant Komite Skolè Vil Boston an (« Komite a ») ak Sendika Administratif la « the Administrative Guild », SEIU Local 888 (« Sendika a »). Akò sa a kondisyonèl sou baz ratifikasyon apatenans nan sendika a, e li sijè a ratifikasyon sendika sila a, apwobasyon Komite Skolè Boston an, ak apwopriyasyon siplemantè ke Konsèy Lavil Vil Boston an ta fè.

Divès tèm ak pwovizyon negosyasyon kolektif pati yo ki te an vigè apati 1ye septanm, 2017 jiska 31 out, 2020 ap kontinye totalman an vigè apati 1ye septanm 2020 jiska 31 out, 2022, sof jan Akò sa a ta modifye yo. Sendika a va rekòmande e pousuiv ratifikasyon ak apwobasyon Akò sa a pa manm li yo.

Dire a

- MOA 1 (Memorandòm Akò) : apati 1ye septanm, 2020 jiska 31 out, 2022 (pou salè sèlman-retwoaktif, sètadi : konte pa bak a tan pase)

Ogmantasyon Jeneral nan Salè yo

1. Apati 1ye septanm, 2020, montan salè yo ap ogmante pa 2,0%(retwoaktif – konte pa bak, a tan pase).
2. Apati 1ye septanm, 2021, montan salè yo ap ogmante 2,5%, epi manm elijib yo ap resevwa, pandan yon sèl okazyon, montan ki dekri anba a (retwoaktif, konte pa bak, a tan pase).

- Yon peman inik 1.000\$ ki anrapò a Covid-19 pou tout manm ki te anboche avan 1ye septanm, 2021 e ki te rete anlwaye jiska ane skolè 2021-2022 a.

Peman retwoaktif (a yon dat pase) ap limite a anlwaye Lekòl Piblik Boston nan dat kote Sendika a ratifye Akò sa a, e a anlwaye sila yo ki te separe avèk Lekòl Piblik Boston volontèman, pa mwayen demisyon oswa retrèt. Anlwaye sila yo nou te revoke, oswa ki te absan san konje avan ratifikasyon akò sa a, p ap elijib pou peman retwoaktif la.

**Pou Sendika Administratif la:
« the Administrative Guild », SEIU 888**

Pou Komite Skolè Boston an :

Cassandra Shelton, Prezidan Sendika a

Raecia Catchings, Chèf Pwovizwa, OHC
(Biwo Kapital Imen/Resous Imen)

Tom McKeever, Prezidan SEIU

Mary Skipper, Sipèntandan